


Aksè an Mouvman



**Gid ou pou
deplasman aksesib
nan MBTA**

 Massachusetts Bay
Transportation Authority

massDOT
Massachusetts Department of Transportation



Lis Sijè yo

Chè Pasaje MBTA,.....	4
MBTA ak Defansè Dwa Moun Andikape yo Mete Aksè an Mouvman	6
Antre nan RTAG pou Ede fè Avanse Chanjman nan MBTA	8
Règleman ki Fasil pou Pasaje yo Aplike nan Chak Etap	10
Vwayaje a Pri Redui Grasa Pwogram Tarif Redui Nou yo	12
Planifye Vwayaj ou Ak Zouti Planifikasyon Aksesib yo	14
Aksè an Mouvman...Kèlkeswa Kote w Prale.....	16
Sant Mobilite MBTA a – Pwochen Pwen Aré w Pou Jwenn Resous Transpó ki Akesisib.....	28
Kontinye Vwayaje san Pwoblèm ak Sipò Kliyan	32
Rete MBTA Go Mouvman ak MBTA Go	34
Aksè an Mouvman—Anliy	36
Materyèl nan Lòt Fòma ak Lòt Lang	37
Kle w pou Aksè an Mouvman	38

Chè Pasaje MBTA,

Nan MBTA, nou konnen yon sistèm transpò ki aksesib pou moun andikape yo nan avantaj tout pasaje nou yo — kit se granmoun aje, paran ak pousèt, oswa moun k ap deplase chak jou pou ale travay. Se poutèt sa nou fè tout efò pou nou vin yon modèl nan transpò piblik ki aksesib.

Sistèm nou an pi aksesib pase tout lòt tan, grasa yon flòt otobis kote yo tout gen planche ki ba ak ranp, enstalasyon kontinyèl asansè nan estasyon nou yo, Sant Mobilite a ki ofri fòmasyon gratis pou vwayaj ak resous transpò aksesib, ak anpil lòt bagay ankò.

Nan paj ki vin annapre yo, nou pral mennen w nan yon vwayaj pou dekouvri sistèm otobis, metwo, tren banlye, bato, ak sèvis transpò adapte nou yo. Pandan vwayaj la, ou pral dekouvri règleman ak sèvis ki soutni aksè an mouvman nan MBTA.



MBTA ak Defansè Dwa Moun Andikape yo Mete Aksè an Mouvman

MBTA travay an patenarya ak defansè lokal ak òganizasyon ki sipòte moun andikape pou fè kesyon aksè a vin yon priorite nan tout sa nou fè. Si sa fè lontan depi ou pa itilize sistèm MBTA (T) a, ou pral dekouvri anpil amelyorasyon ki fèt nan tout sistèm nan, tankou:

- Yon flòt otobis 100% ak planche ki ba, ak ranp sou tout pòt devan yo.
- Plis estasyon aksesib pase tout lòt tan (epi gen plis k ap vini!).
- Asansè nan estasyon yo ki fonksyone plis pase 99% pa moman.
- Veyikil Liy Wouj ak Zoranj nou yo ki pi aksesib — ansanm ak yon nouvo flòt veyikil Liy Vèt 100% aksesib k ap an sèvis byento.
- Anons odyo vizyèl pou arè ak destinasyon yo nan veyikil yo.



Joanne Daniels-Finegold



- • Enfòmasyon odyo vizyèl an tan reyèl — tankou lè veyikil yo rive, chanjman nan sèvis yo, ak disponiblite asansè yo — nan estasyon yo ak kèk arè byen espesifik.
- Yon pwosesis amelyore pou trete ak rezoud plent kliyan.
- Yon pwogram amelyore pou siveyans aksè (yo rele tou “kliyan enkonvi”) pou kontwòl kalite pèmanan.
- Plis pèsonèl pou bay asistans nan estasyon yo, ansanm ak fòmasyon amelyore anrapò ak aksè pou tout anplwaye yo.
- Anpil nan amelyorasyon sa yo se rezilta akò reglèman Daniels-Finegold nan ane 2006 la ak kreyasyon Depatman Aksè nan Tout Sistèm nan an 2007. Pou aprann plis, vizite mbta.com/accessibility/history

Antre nan RTAG pou Ede fè Avanse Chanjman nan MBTA

Vin fè pati aksè an mouvman! Antre nan Riders' Transportation Access Group (RTAG), yon gwoup kominotè ki konseye MBTA sou kesyon transpò ki afekte moun andikape ak granmoun aje yo.

Manm RTAG yo te travay ak MBTA pou:

- Amelyore aksè a sèvis otobis yo ke lòt konpayi prive ap jere.
- Amelyore sekirite ak sansibilizasyon konsènan liy bisiklèt ki bò kote arè otobis yo.
- Amelyore kèk aspè nan sèvis transpò adapte The RIDE la.

Nenpòt moun ki ta rmen patisipe byenveni. Manm jeneral RTAG yo gen opòtinite pou:

- Patisipe nan fowòm piblik.
- Bay opinyon ak kòmantè sou aksè sistèm nan.
- Rankontre ak resevwa mizajou sou politik ak pwosedi nan men Depatman Aksè Tout Sistèm nan, The RIDE, ak lòt depatman atravè MBTA.

Pou jwenn enfòmasyon sou pwochen reyinyon RTAG yo ak lòt detay:

Vizite: mbta.com/rtag

Voye yon imèl: rtagboston@bostoncil.org




Règleman ki Fasil pou Pasaje yo Aplike nan Chak Etap

Nan MBTA, nou angaje nou pou fè vwayaj ou vin yon eksperyans pozitif. Se poutèt sa nou mete an plas règleman aksè ki konsistan e ki fasil pou pasaje yo, kèlkeswa kote ou vwayaje nan sistèm wout fiks nou an. Men kèk règleman prensipal yo genyen ladan yo:

- Anplwaye MBTA yo ap respekte tout demann asistans moun fè, tankou men se pa sa yo sèlman:
 - Monte ak Desann veyikil MBTA yo
 - Abitye ak estasyon MBTA yo (sa gen ladan ede yon moun ki avèg)
 - Jwenn yon plas nan yon estasyon oswa nan yon veyikil
 - Sèvi ak bwat pou peye tikè oswa machin ki vann tikè
- Tout pasaje yo gen dwa pou itilize fonksyon aksè yo tankou, men se pa sa yo sèlman:
 - Asansè ak Eskalye woulan
 - Ramp ak plak ki sèvi kòm pon yo
 - Platfòm ki wo
 - Pòtay Pèman Aksesib
- Pasaje ki itilize bèt sèvis yo byenveni nan tout veyikil, estasyon, ak enstalasyon MBTA yo pandan tout lè fonksyonman yo (bèt la dwe sou kontwòl moun k ap okipe li epi li pa dwe reprezante yon menas dirèk pou lòt moun).

- Anplwaye MBTA yo ap ede pasaje yo jwenn plas priyoritè si yo mande. Si tout plas priyoritè yo deja okipe, anplwaye yo oblije mande lòt pasaje yo pou yo kite plas sa yo.
 - Remak: Si lòt pasaje yo pa dakò bay plas yo, anplwaye yo pa ka fòse yo fè sa; yon pasaje ki itilize plas priyoritè kapab gen yon andikap ki pa vizib oswa li pa vle di
- Anplwaye MBTA yo pap janm mande yon pasaje ki kalite andikap li genyen. Pasaje ki gen andikap ki pa vizib yo pa oblije pataje enfòmasyon sa a pou yo ka itilize fonksyon aksè ki nan sistèm nan.



Vwayaje a Pri Redui Grasa Pwogram Tarif Redui Nou yo

Grasa pwogram pri redui MBTA yo, pasaje andikape ak moun ki gen kat Medicare, pasaje ki gen 65 an oswa plis yo, ansanm ak pasaje ki gen ant 18 ak 64 an ki enskri nan asistans leta ka kalifye pou vwayaje nan otobis, metwo, tren banlye, ak bato pou apeprè mwatye pri nòmal la. Pasaje ki avèg legalman, ansanm ak yon gid ki ka wè k ap akonpaye yo, ka kalifye pou vwayaje gratis.

Itilizatè sèvis The RIDE ki gen 65 an oswa plis, ansanm ak itilizatè ki gen ant 18 ak 64 an ki enskri nan asistans leta, ka kounye a kalifye tou pou pri redui pou vwayaj ak The RIDE.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram pri redui MBTA yo oswa pou aplike sou entènèt:

Vizite: mbta.com/reduced

Rele: Sipò Kliyan MBTA

617-222-3200 / Toll-free 1-800-392-6100

711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè Lang Siy Ameriken

Pase vin wè nou fas a fas:

Pasaje andikape ak moun ki gen kat Medicare, pasaje ki gen 65 an oswa plis, ansanm ak pasaje ki avèg legalman ka jwenn èd pou aplike pou pri redui lè yo vizite Charlie Service Center, ki nan 296 Washington Street (bò kote Estasyon State Street). Charlie Service Center ka ede tou ak:

- Ranplase yon CharlieCard ki domaje oswa ki ekspire.
- Konekte avantaj pwogram pri redui ou yo ak yon metòd pèman san kontak.
- Achte abònman transpò pou otobis, metwo, tren banlye, oswa bato.
- Ajoute lajan nan yon kont The RIDE.

Anvan ou ale, verifye lè Charlie Service Center a ouvri toutbon lè w rele nimewo Sipò Kliyan MBTA ki anlè a oswa vizite mbta.com/charlieservicecenter.



Planifye Vwayaj ou Ak Zouti Planifikasyon Aksesib yo

Ou prale nan yon konsè? Ou pral rankontre zanmi w pou dine? Zouti planifikasyon vwayaj pou sistèm wout fiks nou an ap ede ou rive, soti isit la pou ale la:

- Sipò Kliyan MBTA: Yon reprezantan ap kontan ede ou planifye vwayaj ou pa telefòn.

Rele 617-222-3200 / Gratis 1-800-392-6100, 711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè Lang Siy Ameriken

- Planifikatè Vwayaj MBTA: Lè w chwazi opsyon “Prefere vwayaj aksesib la”, planifikatè a ap montre ou youn oswa plizyè wout aksesib pou rive nan destinasyon ou, epi l ap fè w konnen pwoblèm tankou asansè oswa eskalye woulan ki an pàn ki ka afekte vwayaj ou. Vizite mbta.com/trip-planner.

Ou jis vle verifye fonksyon aksè yo nan yon estasyon sou wout ou? Ou kapab tou:

- Chèche Senbòl Entènasyonal Aksè (senbòl chèz woulant ble ak blan an) sou kat sistèm MBTA a pou idantifye estasyon ki aksesib yo.
- Vizite mbta.com/stops pou chèche fonksyon byen espesifik selon estasyon an.
- Rete okouran anrapò ak sèvis asansè oswa eskalye woulan ki an pàn.



**Rele Liy Mizajou Asansè/Eskalye Woulan an nan
617-222-2828, 711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè
Lang Siy Ameriken Visit mbta.com/alerts/access**

- Tcheke sa sou aplikasyon an! Aksè estasyon yo, asansè ki an pàn, chanjman ray tren banlye an, ansanm ak lòt enfòmasyon ak alèt disponib sou MBTA Go, aplikasyon mobil aksesib nou an pou iOS oswa Android.
- Ou vle konnen si zòn arè bis ou a toujou rete menm kote a? Vizite mbta.com/bus-stop-changes.



Aksè an Mouvman... Kèlkeswa Kote w Prale

Kit w ap vwayaje nan otobis, metwo, tren banlye, bato, oswa The RIDE, ou ka jwenn fonksyon ki fè li pi fasil pase tout tan pou w rive kote w prale a.







BIS

Fonksyon Aksè pou Bis

Tout otobis MBTA yo aksesib pou pasaje ki andikape yo. Men kèk fonksyon ou ka jwenn nan otobis nou yo genyen ladan yo :

- Yon flòt otobis ak planche ki ba 100% (gen sèlman yon ti mach ant twotwa a ak planche otobis la).
- Ranp nan otobis yo ki ka ouvri nan pòt devan chak bis.
 - Remak: Pandan chanjman sèvis yo, ou ka jwenn otobis yon lòt konpayi ap jere ki gen planche ki wo ak ekipman pou sòlve chèz woulant.
- Sistèm ki pèmèt otobis la vin pi ba pou fasilite monte ak desan.
- Plas priyorite pou pasaje andikape ak granmoun aje yo.
- De espas sekirize pou pasaje ki itilize aparèy depasman ki gen wou.
- Anons odyo ak vizyèl sou wout, arè, ak destinasyon yo.

Konsèy pou Aksè nan Otobis yo

- Chofè otobis yo oblije pwoche otobis la pi pre twotwa a ke posib nan chak arè. Si yo pa ka pwoche toupre twotwa a, chofè a ap ede ou monte oswa desann yon kote ki an sekirite toupre. Ou kapab mande chofè a tou pou l repozisyone otobis la pou fasilite w monte oswa desann si sa nesesè.



- Si w itilize yon aparèy depasman ki gen wou, chofè otobis la ka fè w monte an premye pou asire gen espas nan zòn sekirize a. Chofè otobis yo oblije fikse 4 senti sekirite (pou chèz woulant) oswa 3 a 4 senti sekirite (pou skoutè) sou kad aparèy ou a.
- Chofè otobis yo ap ede w jwenn plas priorite si w mande sa. Si tout plas priorite yo deja okipe, yo oblije mande lòt pasaje yo pou yo kite plas sa yo.
 - Remak: Si lòt pasaje yo pa vle deplase, chofè yo pa ka fòse yo fè sa; yon pasaje ki itilize plas priorite ka gen yon andikap ki pa vizib li pa vle di ki andikap



METWO

Fonksyon Aksè pou Metwo

Pifò estasyon metwo MBTA yo aksesib pou pasaje andikape yo — epi ap kontinye gen plis aksè. Men kèk fonksyon ou ka jwenn nan sistèm metwo nou an:

- Asansè, eskalye woulan ak ranp.
- Plak ki sèvi kòm pon ki kouvri espas ant platfòm nan ak tren an.
- Bann avètisman taktil sou bò platfòm nan.
- Pòtay pèman ki pi laj e aksesib, ak zòn pou pase kat ki ba pou ede w peye pi fasil.
- Fare vending machines with braille and audio features.
- Machin ki vann biyè ki gen fonksyon bray ak odyo.



- Ekran enfòmasyon kliyan ki nan zòn antre estasyon yo ki montre enfòmasyon enpòtan sou sèvis la, tankou disponiblite asansè yo.
- Bwat apèl nan estasyon yo ki ka itilize pou asistans jeneral oswa nan ka ijans.
- Enfòmasyon odyo ak vizyèl an tan reyèl sou lè tren yo ap rive.
- Anons odyo ak vizyèl sou arè ak destinasyon yo.
- Plas priyorite pou pasaje andikape ak granmoun aje yo.
- Espas chita pou pasaje ki itilize aparèy depasman ki gen wou yo..

Konsèy pou Aksè nan Metwo yo

- Nan Liy Wouj, Liy Oranj, ak Liy Ble yo, gen plak ki sèvi kòm pon ki mobil ki disponib pou pasaje ki ka bezwen asistans pou monte oswa desann akòz espas ki genyen ant platfòm nan ak planche tren an. Si w ta renmen itilize yon plak ki sèvi kòm pon ki mobil, jis mande yon anplwaye MBTA pou ede w.
- Nan Liy Vèt la, gen plak ki sèvi kòm pon sou tren yo ki disponib pou pèmèt moun monte ak desann fasilman nan pati tren ki gen planche ki ba yo. Si w ta renmen itilize yon plak ki sèvi kòm pon nan tren an, jis mande chofè tren Liy Vèt la pou ede w.
- Si w bezwen fè nenpòt demann asistans ki rezonab men ou pa ka jwenn yon anplwaye MBTA, ou ka itilize youn nan bwat apèl ki nan estasyon metwo nou yo. Pou itilize yon bwat apèl pou mande asistans, peze bouton ki make “Info” a epi tann yon operatè reponn.



TREN BANLYE

Fonksyon Aksè pou Tren Banlye

Pifò estasyon metwo MBTA yo aksesib pou pasaje andikape yo — epi kontinye gen plis aksè toujou. Kèk fonksyon ou ka jwenn nan sistèm Tren Banlye nou an:

- Asansè, eskalye woulan ak ranp.
- Platfòm ki wo ak mini platfòm ki wo pou yon aksè nan menm nivo.
- Plak ki sèvi kòm pon ki kouvri espas ant platfòm nan ak planche tren an.
- Bann avètisman taktil sou bò platfòm nan.
- Enfòmasyon odyo ak vizyèl sou lè rive, depa, ak ray tren nan pifò estasyon yo.
- Anons odyo pou arè nan tout tren yo; anons vizyèl nan pifò ladan yo.
- Plas priyorite pou pasaje andikape ak granmoun aje yo.
- Espas chita pou pasaje ki itilize aparèy depasman ki gen wou yo.

Konsèy pou Aksè nan Tren Banlye yo

- Estasyon tren banlye ki gen platfòm ki wo oswa mini platfòm ki wo yo pèmèt moun monte ak desann tren yo nan menm

nivo (san eskalye). Kalite platfòm ki disponib nan estasyon yo ka varye. Kondiktè tren an ka mande w destinasyon w lè w ap monte pou konfime kote a aksesib epi pou asire ou ka desann tren an an sekirite.

- Lè w ap monte oswa desann sou yon mini platfòm ki wo, ou ka mande pou tren an repozisyon pou w ka monte oswa desann nan vagon ki ouvè ou chwazi a.
- Si w itilize yon aparèy depasman ki gen wou, kondiktè tren an ap mete yon plak ki sèvi kòm pon mobil pou kouvri espas ant platfòm nan ak planche tren an. Tout pasaje yo gen dwa itilize yon plak ki sèvi kòm pon mobil si yo mande sa.
- Si ou bezwen asistans, tankou jwenn yon platfòm oswa achte yon biyè pou tren, gen anplwaye nan estasyon North Station, South Station, ak Back Bay Station ki disponib pou ede w.
- Ou ka tcheke aplikasyon MBTA Go a pou enfòmasyon aksesib an tan reyèl sou lè tren ap rive ak chanjman nan sèvis la, tankou si tren w lan ap anreta oswa si l ap rive sou yon lòt ray.





BATO

Fonksyon Aksè pou Bato

Pifò estasyon metwo MBTA yo aksesib pou pasaje andikape yo. Men kèk fonksyon ou ka jwenn nan sistèm Tren Banlye nou an:


- Platfòm k ap flote sou dlo ki aksesib.
- Plak ki sèvi kòm pon ki kouvri espas ant platfòm nan ak bato a.
- Anons odyo ak vizyèl sou arè ak destinasyon yo.
- Plas priyorite pou pasaje andikape ak granmoun aje yo.
- Espas chita pou pasaje ki itilize aparèy depasman ki gen wou yo.

Konsèy pou Aksè nan Bato yo

- Pifò platfòm k ap flote pou bato MBTA yo aksesib. Ou ka tann sou platfòm nan jiskaske yon manm ekip la di w li an sekirite pou monte.
- Akoz varyasyon nivo mare yo ak estrikti bato a ansanm ak pasrèl yo itilize pou monte sou bato a, ou ka jwenn yon pant ki apik, yon pasaj ki kwense, ak lòt difikilte fizik menm nan platfòm ki aksesib yo. Pou moun ki itilize chèz woulant elektrik, kèk aspè chèz la (tankou kondwi ak wou nan mitan oswa dèyè) ka afekte fason ou monte. Nan tout platfòm

yo, tann jiskaske yon manm ekip la di w li an sekirite pou kontinye, epi fè yo konnen si w bezwen asistans, sitou lè w ap travèse plak ki sèvi kòm pon an.

- Disponiblite plas priyorite ak espas chita pou pasaje ki itilize aparèy depasman ki gen wou ap varye selon kalite bato ki an sèvis la. Ou ka toujou mande yon manm ekip la pou ede w jwenn yon plas.





THE RIDE

Sèvis Transpò Adapte The RIDE

The RIDE se yon sèvis transpò adapte MBTA ki founi sèvis pòt an pòt ak vwayaj pataje. MBTA opere The RIDE an konfòmite ak lwa Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA). Si w gen yon andikap ki anpeche w itilize sistèm wout fiks MBTA a tout tan oswa pafwa, The RIDE ka ede satisfè bezwen transpò piblik ou yo.

The RIDE disponib nan 58 vil ak komin nan zòn Boston ak zòn ozanviwon yo. Pou jwenn The RIDE, ou dwe rele Sant Mobilite a pou pran yon randevou pou yon entèvyou an

pèsòn pou detèmine si w kalifye (The RIDE ap bay yon vwayaj ale retou gratis pou entèvyou a). Lè yo apwouve w, ou ka pwograme vwayaj ou yo ant 1 ak 5 jou davans.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou The RIDE ak fason pou aplike:

Vizite: mbta.com/theride

Rele: Sant Mobilite MBTA

617-337-2727

711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè

Lang Siy Ameriken



Sant Mobilite MBTA a – Pwochen Pwen Aré w Pou Jwenn Resous Transpò ki Aksesib

Sant Mobilite MBTA a se yon sant sèvis konplè pou enfòmasyon sou transpò aksesib, edikasyon, ak resous kominotè.

Sa w ka atann nan Sant Mobilite a

Selon bezwen w yo, anplwaye Sant Mobilite a pare pou ede w ak plizyè sèvis, tankou:

- Enskri pou fòmasyon vwayaj an gwoup oswa endividyèl.
- Aplike pou CharlieCard pri redui.
- Planifye vwayaj aksesib sou sistèm wout fiks la oswa The RIDE.
- Pran randevou epi fè evalyasyon sou kalifikasyon RIDE la.
- Sèvi ak telefòn entèlijan w oswa òdinatè w pou verifye asansè ki an pàn oswa pou fè demann yon vwayaj pataje nan pwogram The RIDE Flex la.
- Konekte ak lòt opsyon transpò kominotè. Resous Sant Mobilite yo disponib an pèsòn oswa pa telefòn, epi nan plizyè lang. Ekip nou an ap kòmanse poze w kèk kesyon sou sa w vle pou ede w jwenn sèvis k ap pi bon pou ou a.





Fòmasyon sou vwayaj gratis

MBTA ofri sèvis fòmasyon sou vwayaj gratis pou ede moun andikape ak granmoun aje yo aprann vwayaje poukont yo nan sistèm otobis, metwo, tren banlye, ak bato. Sijè fòmasyon yo gen ladan:

- Sekirite jeneral nan sistèm nan.
- Li orè T yo epi planifye wout yo.
- Monte ak desann nan veyikil MBTA yo.
- Achte CharlieCard ak pri nòmal oswa pri redui.
- Responsablite pasaje yo ak chofè yo.
- Jwenn enfòmasyon sou sèvis MBTA yo sou entènèt ak nan aplikasyon mobil yo.

Gen plizyè kalite fòmasyon ki disponib, tankou fòmasyon sou vwayaj an ti gwoup ki fèt nan MBTA oswa nan òganizasyon kominotè yo, ansanm ak fòmasyon vwayaj tèt a tèt ki ka adapte ak bezwen chak moun. Opsyon fòmasyon vityèl ak opsyon ibrid disponib sou demann.

Pou kontakte Sant Mobilite MBTA a:

Vizite: mbta.com/mobilitycenter

Rele: 617-337-2727

711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè

Lang Siy Ameriken

Imèl: howtotravel@mbta.com

Kontinye Vwayaje san Pwoblèm ak Sipò Kliyan

Si w rankontre yon pwoblèm pou jwenn aksè, gwo oswa piti, pandan w ap itilize sèvis wout fiks nou yo, fè n konnen lè w kontakte ekip Sipò Kliyan nou an. Ou ka kontakte Sipò Kliyan an tou pou poze yon kesyon, fè yon sijesyon — oswa pataje yon eksperyans pozitif avèk nou!



Lè w ap fè yon plent oswa bay yon kòmantè pozitif pou ekip Sipò Kliyan an, presize ke kòmantè w yo gen rapò ak aksè. Lè w ap ranpli fòm Sipò Kliyan an sou entènèt, asire ou chwazi opsyon “plent/ kòmantè sou aksè” a tou.

Eseye bay yon deskripsyon detaye sou sa ki te pase a, ansanm ak ase enfòmasyon sa yo otank posib:


- Dat ak lè ensidan an.
- Adrès egzak la.
- Nimewo veyikil la.
- Nimewo badj anplwaye a.
- Deskripsyon anpwaye a.

Pou kontakte Sipò Kliyan MBTA a:


Vizite: mbta.com/customer-support

Rele: 617-222-3200 / Gratis 1-800-392-6100
711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè
Lang Siy Ameriken Ajan yo disponib
Lendi–Vandredi 6:30AM rive 8PM


Rete MBTA Go Mouvman ak MBTA Go



MBTA Go se aplikasyon mobil ofisyèl pou jwenn enfòmasyon an tan reyèl sou sèvis MBTA yo. Sèvi avè l pou jwenn lè rive yo, swiv otobis ak tren yo, tcheke eta asansè yo, ak plis ankò.



Yo te fè aplikasyon MBTA Go a pandan yo t ap panse ak kesyon aksè a. Li sipòte fonksyon aksè popilè tankou VoiceOver, Switch, ak Voice Control sou iOS, ak TalkBack, Switch Access, ak Voice Access sou Android.



Ou kapab telechaje aplikasyon MBTA Go kounye a sou App Store oswa Google Play.

Oswa vizite mbta.com/goapp pou aprann plis.



Aksè an Mouvman—Anliy

Rete ajou ak dènye nouvèl sou aksè nan MBTA! Vizite nou sou entènèt sou mbta.com/accessibility, kote w ap jwenn:

- Gid aksè ki montre w etap pa etap kijan pou vwayaje fasil nan otobis, metwo, tren banlye, ak bato yo.
- Kesyon Moun Poze Souvan sou aksè nan MBTA.
- Nouvèl ak mizajou ki soti nan Depatman Aksè nan Tout Sistèm MBTA a, sitou nan modènizasyon estasyon yo rive nan teknoloji inovan pou fasilite vwayaj ou.
- Enfòmasyon sou pwochen reyinyon ak evènman piblik yo.
- Yon istwa vityèl sou defans dwa pasaje yo ak aksè nan sistèm MBTA (T) a.
- Tout fason ou ka patisipe nan aksè MBTA a, ak plis ankò!



Materyèl nan Lòt Fòma ak Lòt Lang

MBTA ap fè materyèl tankou orè sistèm wout fiks yo ak dokiman reyinyon piblik yo disponib nan lòt fòma sou demann. Ou ka mande kopi bwochi sa a tou nan lòt fòma, ak nan lòt lang tou.

Kontakte Sio Kliyan an nan 617-222-3200 / Gratis 1-800-392-6100, 711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè Lang Siy Ameriken; oswa vizite [mbta.com/customer-support](https://www.mbta.com/customer-support).

Kle w pou Aksè an Mouvman

Plent, kòmantè, kesyon, planifikasyon vwayaj:

Sipò Kliyan MBTA

Vizite: mbta.com/customer-support

Rele: 617-222-3200, Toll-free 1-800-392-6100
711 for TTY callers or VRS for ASL callers

Pri redui, ranplasman kat, ajoute lajan nan kont The RIDE:

Sant Sèvis Charlie

Vizite: mbta.com/charlieservicecenter

Pase nan

fas a fas: 296 Washington Street
(touple estasyon State Street))

Fòmasyon vwayaj sou gratis, kalifikasyon pou sèvis The RIDE, sipò jeneral:

Sant Mobilite MBTA

Vizite: mbta.com/mobilitycenter

Rele: 617-337-2727

Voye imèl: howtotravel@mbta.com

Alèt sèvis anrapò ak aksè:

Liy mizajou sou Asansè/Eskalye
woulan **Rele:** 617-222-2828

Vizite: mbta.com/alerts/access

Lè rive aksesib, swivi veyikil yo, enfòmasyon sou asansè sou telefòn:

MBTA Go App

Vizite: mbta.com/goapp

Enfòmasyon anliy sou Sèvis ki aksesib yo:

Vizite: mbta.com/accessibility

Swiv: Kont ofisyèl MBTA yo sou rezo sosyal ahtag
#TAccess

Patisipasyon Pasaje yo:

Riders' Transportation Access Group (RTAG)

Vizite: mbta.com/rtag

Voye imèl: rtagboston@bostoncil.org

Remak: Pou nenpòt nimewo telefòn pi wo a, konpoze 711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè Lang Siy Ameriken.

Sipò Kliyan MBTA

Vizite: mbta.com/customer-support

Rele: 617-222-3200, Gratis 1-800-392-6100
711 pou itilizatè TTY oswa pou itilizatè
Lang Siy Ameriken

Enfòmasyon sou sèvis aksesib yo Anliy:

Vizite: mbta.com/accessibility